



# Reyinyon Piblik pou Enfòmasyon (Vityèl) Somerville – Cambridge – McGrath Boulevard

## Sa k ap pase?

Sa se yon reyinyon enfòmasyon, pou ekip konspesyon an pataje modèl sou pwojè enpòtan sa a, ak pou envite piblik la bay pwòp lide li. Pwojè yo pwopoze a, se pou rebati McGrath Highway (Route 28) ant Broadway nan Somerville, ak Rufo Rd avèk 3rd St nan Cambridge. Modèl ki deja la kounye a pwopoze pou yo retire McCarthy Overpass la (pasaj pou pyeton), epi ranplase li avèk yon boulva ki gen pyebwa arebò li, avèk entèseksyon ki gen siyal nan nivo trafik. Pwojè a genyen ladan bati, devlope, ak ranfòse enstalasyon pou pyeton, pou bisiklèt, ak pou transpò an komen.

## Ki konsekans sa pral genyen pou ou?

Pwojè a konsantre sou ranfòsman konneksyon kominotè ant diferan katye ak akomodasyon pou tout moun k ap sèvi avèk wout yo. Pwojè a genyen ladan tou amelyorasyon sekirite, ak ogmantasyon espas vèt, ak separasyon fizik ant bisiklèt ak pyeton yo avèk veyikil motè tout kote sa posib, ak eliminasyon baryè fizik ak vizyèl (ti pon pou pyeton) ki nan kominote a. Sa se yon opòtinite pou piblik la gade kòmantè ak modifikasyon sou pwojè a depi dènye reyinyon piblik an febraye 2024 la, ak pou pèmèt moun fè kòmantè an mezi pwojè a ap rive nan 75% fabrikasyon li.

## Kilè

Madi 25 Mas 2025  
6:30 – 8:00 PM

## Vini

[bit.ly/4bkJjsl](https://bit.ly/4bkJjsl)



Gade nan adrès [mass.gov/mcgrath-boulevard-project](https://mass.gov/mcgrath-boulevard-project) pou plis enfòmasyon.



Pou MassDOT sèten moun ka patisipe fasil nan reyinyon li yo, li mete mwayen rezonab: tradiktè, entèprèt, modifikasyon, akomodasyon, fòma altènatif, ak èd epi sèvis oksilyè. Pou mande sèvis sa yo, ou mèt kontakte Responsab pou Divèsite ak Dwa Sivik MassDOT la nan nimewo 857-368-8580 oswa nan adrès [MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us](mailto:MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us). Pou bay ase tan pou aranjman sa yo, tanpri fè demann ou pi bonnè ou kapab, kidonk ant 10 ak 15 jou anvan aktivite a si sa posib.

Ou mèt mande enfòmasyon sou Pwojè a tou nan adrès elektwonik [MassDOTMcgrathblvd@dot.state.ma.us](mailto:MassDOTMcgrathblvd@dot.state.ma.us). Si ou gen nenpòt deklarasyon ekri sou travay yo pwopoze yo, voye li nan adrès sa a: **Carrie A. Lavalley, P.E., Chief Engineer, MassDOT, 10 Park Plaza, Boston, MA 02116, Attention: MAJOR PROJECTS, PROJECT FILE NO. 607981**